



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 19.7 MILYON DOLA POU REYABILITASYON
PON NAN FINGER LAKES**

***Pwojè yo Pwal Pwoteje Sekirite Piblik e Bay Kwasans Ekonomik la Bourad, Paske
Y ap Repare oswa Ranplase 23 Pon ak Kanivo nan Finger Lakes***

Etap En (1) nan Inisyativ 1 Milya Dola BRIDGE NY la

***Yon Pati nan Plan ki Gen Kapital 21.1 Milya Dola sou Plizyè Ane pou Modènize
Wout ak Pon Atravè New York yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a genyen 19.7 milyon dola pou reyabilite e ranplase 23 pon ak kanivo nan Finger Lakes yo. Finansman sa a, ke y ap bay atravè Etap En (1) Inisyativ BRIDGE NY Gouvènè a, fè pati yon plan ki gen yon kapital 21.1 milya dola sou plizyè ane pou modènizasyon plizyè wout, pon, ak lòt enfrastrikti ki enpòtan, atravè Eta New York.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Enfrastrikti se kle pwosperite nou e atravè pwogram sa, n ap founi finansman bay gouvènman lokal yo nan chak kwen eta sa a pou ede asire ke pon yo rete fyab, solid, epi an mezi pou reponn a demand jenerasyon aktyèl la ak jenerasyon demen yo nan New York. Sa se yon lòt etap pou rive gen yon New York ki pi an sekirite, pi djanm e pi asire pou tout moun.”

Pwogram BRIDGE NY mete aksan sou pwojè ki pran ka movèz kondisyon estrikti yo; li modere restriksyon nan zafè pwa oswa detou ki long; li fasilite devlopman ekonomik oubyen ogmante konpetitivite; e/oubyen redui risk inondasyon. Se Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation) lan ki administre li.

Yo te chwazi pwojè y ap finanse yo grasa yon pwosesis konpetitif ki te evalye rezilyans chak estrikti; kondisyon estiktirèl aktyèl yo; epi gwosè ak enpòtans pon an, tankou kantite trafik, konsiderasyon sou detou, kantite ak kalite biznis ki jwenn sèvis; epi enpak sou komès. Men tout lis pwojè Finger Lakes yo:

- 3.895 milyon dola bay Vil Waterloo (Konte Seneca) pou Locust Street anlè Kannal Cayuga - Seneca

- \$817,000 bay Konte Genesee pou Searles Road anè Spring Creek
- 1.946 milyon dola bay Konte Genesee pou Pratt Road anè Tonawanda Creek
- \$285,000 bay Vil Portage (Konte Livingston) pou Pennycook Road anè yon wiso ki san non
- \$285,000 bay Vil Livonia (Konte Livingston) pou Pennimite Road anè Wilkins Creek
- 1.178 milyon dola bay Konte Livingston pou Paper Mill Road anè Conesus Outlet
- \$752,000 bay Konte Livingston pou De Groff Road anè Keshequa Creek
- \$270,000 bay Konte Livingston pou County Line Road (County Route 36A) anè yon kannal distribitè ki ale Honeoye Inlet
- \$333,000 bay Konte Monroe pou Culver Road anè Irondequoit Bay Outlet
- 1.520 milyon dola bay Vil Greece (Konte Monroe) pou Maiden Lane anè Round Pond Creek
- \$713,000 bay Konte Monroe pou Park Road anè Irondequoit Creek
- 1.045 milyon dola bay Konte Orleans pou Portage Road anè Fish Creek
- 1.140 milyon dola bay Konte Orleans pou Monroe-Orleans County Line Road anè East Branch Sandy Creek
- \$630,000 bay Konte Orleans County pou South Holley Road anè yon branch Sandy Creek
- \$174,000 bay Vil Albion (Konte Orleans) pou Clarendon Road anè West Branch Sandy Creek
- \$371,000 bay Vil Sodus (Konte Wayne) pou Main Street anè Salmon Creek
- \$404,000 bay Vil Newark (Konte Wayne) pou East Avenue anè Kannal Erie
- \$140,000 bay Konte Wayne pou Lake Road anè yon kannal distribitè ki ale Lake Ontario
- \$550,000 bay Vil Newark (Konte Wayne) pou Route 31 anè Military Brook
- \$875,000 bay Vil Wolcott (Konte Wayne) pou Mill Street anè Wolcott Creek
- 1.003 milyon dola bay Konte Wyoming pou Schad Road anè Red Brook
- 1 milyon dola bay Depatman Travo Piblik Konte Ontario (Ontario County Department of Public Works) pou County Road 1 anè yon kannal distribitè ki ale Canandaigua Lake
- \$395,000 bay Konte Yates pou Loomis Road anè West River

Delege Ministè Transpò a, Matthew J. Driscoll te di: “Se yon bagay ki enpòtan anpil, pou n kenbe pon nou yo an sekirite. Finansman BRIDGE NY sa pou pon ak kanivo lokal yo montre angajman Gouvènè Cuomo pou fè tout sa ki nesèsè pou pwoteje sekirite piblik la epi kontinye fè ekonomi lokal atravè Eta New York yo pwogrese.”

Pwogram 1 milya dola BRIDGE NY la, ke yo te anonse nan Bidjè FY 2017 Gouvènè Cuomo a, ap ranplase, reyabilite, epi mentni pon lokal epi vital eta a pou amelyore sekirite ak kwasans ekonomik ki enpòtan anpil. Mwatye nan lajan an ap depanse nan pon ki pou eta a yo, alòske lòt mwatye a ap al jwenn minisipalite yo pou pwojè lokal ki enpòtan yo.

Finansman BRIDGE NY la disponib pou tout minisipalite ki otorize pou resevwa epi jere finansman Eta ak finansman federal la pou transpò. Aplikasyon pou sibvansyon nan premye etap finansman an te fini nan sezon otòn ki pase a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418